Ассаламу гIалайкум

# АХИХЪАН

№ 21 (7525)
12 Май
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

# Районалда – Бергьенлъиялъул Къо

(Бергьенлъиялъул къимат гьабуни, тушманасул гьеб биххизе гьира лъоларо)



Цебего букIараб рагъул кьалбал тарихалъул гъварилъуде унел руго… 77 сон ана КIудияб ВатIанияб рагъул ахирисел кьвагьиял лъугIаралдаса. Амма жакъаги лъугIун гьечIо гьелъул бакIлъиялъул бицунел харбал. Жакъаги ракIалде щвезабула гьеб ва кIоченаро жеги гIасрабаз! Гьелъ чIухIула нилъ нилъер бергьенлъиялдаса! Киданиги гIолеб бугеб гIелалда кIочон теларо нилъер эменаз, кIудиял эменаз ракълие кьураб гIумро. Гьеб ракIалде щвей даимлъиялъе гIуцIараб буго киса-кибего гьал байрамал.

Бергьенлъиялъул праздник бу кIана Шамильхъала поселокалъул райадминистрациялъул майданалда. Хинаб, ракI-ракIалъулаб ахIвал-хIалалда дандчIвай гьабуна КIудияб байрамалде районалда. Нус-нус гIадамал гьенире рачIана праздникалъулаб шествие гьабизе.

Исана Бергьенлъиялъул праздник Россиялда кIодо гьабулеб буго унго-унголъуни рекIелъ букIинеселъул асаргун. Нилъер ВатIан цIидасанги тункана дунялго нилъеде данде бахъараб фашизмгун, гьеб къвинабизе бугеб гьирагун.

КIудияб Бергьенлъи кIодо гьабиялъе хасаб программа хIадур гьабун букIана культураялъул отделалъ. Программа бачана отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас ва гьесул хIалтIухъаналъ. Тадбир байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи-ракьцоязе бараб памятникалда цебе тIугьдул лъеялдасан. Хадуб рагъул макъаналда гъоркь байбихьана праздникалъулаб «Бесмертный полк» патриотическияб акция-шествие. Рагъул кьералъул ретIел ретIарал цIалдохъабазухъ рукIана рагъул гIахьалчагIазул портретал, плакатал. Шествиялда гIахьаллъана администрациялъул хIалтIухъаби, лъай кьеялъул школал, централияб библиотека, ветстанция ва цогидалги учреждениял. Гьелъие нухмалъи гьабуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас.

Бергьенлъиялъул Къо бугин хинаб, рекIелъ къварилъигун, беразулъ магIугун, миллионал гIадамазул гIумро чIвараб букIаниги даимаб бергьенлъи нилъее щвараб къо. Гьес хьул загьир гьабуна Украиналда бугеб рагъги нилъ бергьун лъугIизе бугин.

РагIи кьуна тIоцебесеб классалъул рагъулав летчик-испитатель XI. МухIамадовасе. «Бергьенлъиялъул Къо нилъее киназего буго улкаялъул къуват борцунеб, нилъер халкъал цолъизарулеб





роха-хинлъиялъул митингалда кIалъарав ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна: «9 Май гьеб ккола киназулго праздник, тIолабго биххараб Союзалъего. Гьеб къо нилъее хирияб буго щибаб хъизаналъул тарих гьелъулъ бугелъул, гьелъ ракIазулъ хутIизарила Ва тIан цIунарал, цолъизарула ракълил гIадамал, гIумроялъулъе бачIинабула гьира-шавкъ. КIудияб ВатIанияб рагъулъ нилъер халкъалъ бихьизабураб бахIарчилъи гIумро бугебгIан мехалъ халкъалъул ракIазулъ хутIила. Нилъеца унго-унголъунги бетIер къулула гьаб Бергьенлъи босаразе. Гьез метерисеб къо цIунана нилъее». Гьединго бетIерас тIадчIей гьабуна Украиналъул фашизмалда тIад бергьенлъи босунги Россиялда бергьенлъиялъул байрам гьабизе бугин.

Байрамалда Бергьенлъиялъул Къо районалъул халкъалда баркун кIалъана районалъул рагъулав комиссар М. Гъапуров. Гьес бихьизабуна кигIанго гIемерал камиял улкаялда кканиги праздник»,-ян тIадчIей гьабуна гьес. –Нилъеда лъала гьеб КIудияб БахIарчилъиялъул Къо букIин,-ян абуна гьес хадубги.

Данделъиялда кIалъана районалъул Собраниялъул пред. М. Юсупов, районалъул имам М. ГIабдулвахIидовги.

Бергьенлъиялъул хIурматалда зодихъе риччана шарал, гьезул кьерал тIаса рищун рукIана улкаялъул байрахъалъулал. Кинальго унго-унголъунги гIахьаллъаразул ракIазе асар гьабулеб букIана.

Тадбиралъул ахир буссана роха-хинлъиялъул концертазде. АхIана патриотикиял кучIдул, темаялде данде кколел рукIана кьурдаби. Цебе бахъана «Унцукуль», «Счастье гор» ансамблял. ЦIалана кучIдул. Районалъул администрациялда гIуцIун букIана рагъулабгун полевияб кухня.

Биччанте, хадубккун нилъер халкъалда рагъул кьогIлъи бихьунгутIизе. Кидаго роцIун хутIаги кьалде ахIулелги кантIун дунялалда зоб!

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 21 (7525)
Хамиз
12 Май 2022 сон



ЗахIмат хIехьаралгун данде чIвалаго
РекIел хинлъиялда нуж барахщуге!
ВатIан цIунаразе цIар гьабулаго
КIалзул каламалъе нуж къарумлъуге!



# Ветераназдехун – рекIел хинлъигун



Бергьенлъиялъул Къо нилъер улкаялъе буго данде цIазе лъезе цойги жо гьечIеб кIудияб байрам. Гьелъ цолъизарула нилъ киналго рикьиялги рехун тун. Рекъел – талихI буго щивас балагьулеб ва тIалаб гьабулеб гIумроялъул цояб рахъ. Гьеб букIунаро улкаялда гIодобе биччараб хIал гьечIони.

Гьал къоязда РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, нилъер ракьцояв М. МухIамадовасул тIадкъаялда рекъон гьесул вакил гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ Махачкалаялъул ДРООялъул куратор Шамиль МухIамадов щвана хасал рагъул гIахьалчагIазухъе. Гьевгун цадахъ рукIана «Юнармиялъул» гIолилал - васалги. Ветеранaзе кьуна М. МухIамадовасул цIаралдасан сайгъатал.

Гьоболлъухъ щваразда гьоркьор рукIана ВОВалъул ветеран, КГБялъул полковник, МахIачхъалаялъул мустахIикъав гIумро гьабулев Христианов Виктор Михайлович. Гьес I маялда тIубана 99 сон. Ветеранасул буго щуго БагIараб ЦIва орден ва кIиго КIудияб ВатIанияб рагъул I степеналъул, II степеналъул КIудияб ВатIанияб рагъул орденал, кIиго БагIараб ЦIва орденал, 30 ялдаса цIикIкIун медалал. Виктор Михайловичас бицухъе МахIачхъалаялда гьес гIумро гьабулеб буго 50 гIан соналъ. Гьесие цIакъ бокьула гьеб шагьар. Нилъер депутатас жиндехунго кIвар кьеялъ гьев кутакалда вохана.

Акциялъул гIахьалчагIи щвана 2 Прибалтийскияб флоталъул танкабазул войскаялъул кIудияв лейтенант Мамедов МухIамад Ибрагьимовичасухъеги. Гьез ветеранасухъе кIудияб адабалда кьуна сайгъат ва гьарана халатаб гIумро, роцIараб зоб.

Жакъа гIодоре къулун къимат гьабула рагъул ветераназул ва тылалъул захIматчагIазул ВатIан цIунизе кинабго гьабурал. Жидерго гIумроялъе бугеб хIинкъиялда рачIинчIого цIунана нилъее гьез рагъ-кьал гьечIеб гIумро. -Нилъ даимго налъукь руго нужее, ветеранал!

# «Вода России» акциялъул бицана



11 маялда районалда букIана I4 маялда букIине бугеб «Вода России» акция тIобитIиялде буссараб гIуцIиялъул комитеталъул данделъи. Гьениб ГIиса НурмухIамадовас бихьизабухъе «Вода России» акция тIобитIизе буго лъел рагIаллъаби гIала-гъважаялдаса рацIад гьариялъул мурадалда. Гьеб тIобитIулеб буго «Сохранение уникальных водных объектов» федералияб проекталда ва «Экология» миллияб проекталдаги рекъон.

Дагъистаналъул киналго бакIаздаса 500 гIан чияс гIахьаллъи гьабизе буго гьелъулъ. Гьенир гIахьаллъизе рачIине руго дунялалъулго кIваралъул артистал, цIар рагIарал политикиялгун общественниял гIадамал. Гьеб къоялъ Россиялъул артистални гIахьаллъун кьезе буго гIатIидаб программаялъул концерт, гьединго гIуцIизе буго хIалхьи гьаби ва кьезе буго квен.

Данделъиялда бицана гьеб тадбир гIуцIиялъул лахIзатазул, тIадкъаял гьаруна качественнияб къагIидаялъ гьеб тIобитIиялда хурхун.

# Вопрос регистрации в ГИС ЖКХ обсудили



Выездное совещание Госжилинспекции РД состоялось сегодня, 12 мая, в администрации Унцукульского района. На совещании обсудили вопросы размещения в ГИС ЖКХинформации и регистрации «личного кабинета» с привязкой лицевого счета потребителя.

На встречу с представителями Госжилинспекции РД были приглашены руководителиобразовательных учреждений муниципалитета, а также представители различныхорганизаций и ведомств. Для общения с собравшимися приехал руководитель ГЖИ РДСергей Касьянов и его заместители.

Открыл встречу приветственным словом глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов.Он поблагодарил руководство ГЖИ за интерес к району и за качественную обратнуюсвязь населению района.

На совещании обсудили несколько важных вопросов: итоги прохождения отопительногосезона 2021-2022 гг., полнота размещена в ГИС ЖКХ информации, а также создание«личного кабинета» на данном портале, определение способа управлениямногоквартирными домами, в которых не выбран способ управления, подготовка жилогофонда к эксплуатации. Дополнительно был обсужден и вопрос водоснабжения.

Как отметил Сергей Касьянов, в вопросе размещения в ГИС жителей Унцукульскогорайона есть положительная динамика. На данный момент уже создано 121 личныйкабинет. С учетом численности населения, на портале должно быть размещено еще 3000человек.

Сергей Касьянов показал собравшимся, как создавать личный кабинет в ГИС. Для этого увас должно быть скачано на телефон приложение «Госуслуги», также скачайтеприложение «ГИС ЖКХ». Сделать это можно в App Store, если у вас IPhone, или же в PlayMarket, если у вас андроид.

Далее выбираете «создать личный кабинет», вводите свои данные и завершаетерегистрацию.

Также он подчеркнул, что все это делается для удобства самих граждан. «Вам не нужнобегать на встречи жильцов или в ЖКХ, чтобы что-то обсудить или оплатить. Делать этоможно, не выходя из дома через ГИС. Это очень удобно», - отметил Касьянов. Былоотмечено, что в разделе «Обращения» можно оставлять жалобы и вызывать проверки,чтобы не платить за не оказанные услуги.

Также обсудили на совещании и другие вопросы.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 21 (7525)
Хамиз
12 Май 2022 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере

# Письмо В. Путина миру



Уважаемые граждане нашей замечательной планеты Земля!

Я, Президент Российской Федерации, Владимир Путин решил обратиться ко всем Вам напрямую, минуя дипломатов, Ваших правителей и журналистов. В России есть такое понятие как «сарафанное радио», где нельзя врать, обманывать и юлить. Поэтому буду говорить откровенно, чтобы каждый мог проверить правдивость моих слов.

Россия огромная и богатейшая страна. Главная ценность – это более 150 народов, проживающих на территории, где справедливость превыше всего. Нам не нужны новые территории. У нас в избытке энергетические и все другие ресурсы. Со времён Гранд Тартарии и Великой Моголии народы северной Евразии развивались не за счёт грабежей в крестовых походах и колонизации Америки, Африки, Индии, наркотизации Китая, а благодаря своему трудолюбию и миролюбию.

Те, кто знает русский язык, понимает, что «русский» - это прилагательное ко всем народам нашей страны. Русские славяне, русские татары, русские евреи, русские эвенки и так далее – это русские душой, хотя их культура, язык, образ жизни может отличаться. Мы рады этому разнообразию единства.

В очередной раз русские народы России вынуждены жертвовать своими жизнями, защищая мир от нацизма и фашизма. Мы обменяли 50 наших военнопленных на 50 украинских солдат. Украинские солдаты, подлечились в наших больницах, отъелись на трёхразовом сытном питании и вернулись домой. Российских солдат мы получили с отрезанными пальцами и детородными органами. Так не поступали даже фашисты в годы последней войны. Мы предъявим эти свидетельства в будущем трибунале. Будет стыдно всем, кто сейчас поддерживает этих ублюдков.

Ваши правители в США, Европе, Японии, Австралии и других странах встали на сторону этих недочеловеков, которые в бою впереди себя выставляют мирных людей, беременных женщин и детей, умышленно калечат военнопленных. Мне трудно представить здорового, здравомыслящего человека, поддерживающего этих извергов. А Ваши байдены, шольцы, макроны и прочие демократы мракобесия не только защищают преступников, но и активно их вооружают, снабжают деньгами, которых не хватает, чтобы сдерживать цены у Вас в странах.

Цены растут, мир рушится, но не потому, что русские зачищают Европу от нацистской нечисти, а потому, что Вы молчаливо смотрите и фактически поддерживаете новую волну нацизма. Мы в этот раз не пойдём в Берлин. Мы остановимся на наших исторических границах, а вся нацистская нечисть, которой Ваши правители широко открывают двери устроит Вам новую «хрустальную» жизнь, как это сделали фашисты, добавив ещё и обрезание детородных органов.

Я обращаюсь к каждому человеку, который хочет спокойно жить и работать, воспитывать детей и дружить с народами всего мира. Помогите России справиться с новой раковой опухолью – украинским нацизмом. Не Украиной, где живут мирные и трудолюбивые люди, а именно с нацизмом, вскормленным ястребами из США и НАТО за Ваши налоги. Если Ваши правители поддерживают нацизм, гоните их в три шеи, берите власть в свои руки.

Украинские нацисты заслоняют себя от пуль мирными гражданами, Ваши правители, под предлогом ужасной России, также решили переложить на население тяготы высоких цен и надвигающихся лишений. И на Украине, и у Вас нацисты за спинами простых граждан живут хорошо, а страдать должны обычные люди – это идентичные преступления и на Украине, и на западе. Мы не нарушили ни одного своего обещания, а Ваши правители украли у российского народа 300 миллиардов долларов и евро. Грабят имущество по всему миру у граждан нашей страны, умышленно калечат наших солдат, запрещают русский язык, нападают на православную церковь.

Я наблюдаю, как в странах, где правители ужесточают санкции против России, растёт понимание происходящего и расширяется волна протестов. Вам стоит подумать и заменить политиканов, прячущихся за Ваши спины от пуль и цен. Причём не откладывая на потом. Если мы объединимся, то через неделю другую на Украине не будет нацистов, в Европе, США и других странах восстановится нормальная жизнь и мы вместе будем судить в новом трибунале украинских нацистов и всех правителей, поддерживающих нацизм.

Наше дело правое. Мы победим нацизм. Хотелось бы эту победу разделить всем вместе и как можно быстрее.

# РАСПОРЯЖЕНИЕ

от «28» марта 2022 г. № 04

Руководствуясь правилами проведения конкурса или аукционов на право заключения договоров аренды, договоров безвозмездного пользования, договоров доверительного управления имуществом, иных договоров, предусматривающих переход прав в отношении государственного или муниципального имущества, утвержденными приказом Федеральной антимонопольной службы Российской Федерации от 10.02.2010 г. №67.

1.Провести открытый аукцион на право заключения договора аренды муниципального имущества – земель сельскохозяйственного назначения площадью 7452751 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000024:76.

2.Утвердить:

1) извещение о проведении аукциона на право заключения договора аренды муниципального имущества – земель сельскохозяйственного назначения площадью 7452751 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000024:76.

2) документацию об аукционе на право заключения договора аренды муниципального имущества – земель сельскохозяйственного назначения площадью 7452751 кв.м.

3) Заместителю главы МО «сельсовет Араканский» Магомедову Гаджи Гамзатовичу ответственного за осуществлением муниципального земельного контроля на всей территории МО «сельсовет Араканский» организовать размещение извещения о проведении аукциона и документации об аукционе на сайтах mo-irganay.ru ; http://www.uncukul.ru/; и на районной газете САДАВОД и на официальном сайте-torgi.gov.ru

4) Контроль над исполнением данного распоряжения оставляю за собой.

**Глава администрации**
**МО «сельсовет Араканский»**
**Джангишиев С. А.**

# Извещение о предоставлении земельного участка в аренду

В соответствии со статьей 39.18 земельного кодекса Российской Федерации, Администрация МО «сельсовет Араканский» в лице зам. главы Магомедова Гаджи Гамзатовича сообщает о возможности представления в аренду земельного участка для ведения крестьянского (фермерского) хозяйства.

Граждане, заинтересованные в представлении земельного участка для указанных целей, в течение тридцати дней со дня опубликования настоящего извещения вправе подавать заявления договора аренды земельного участка.

Заявления можно подавать с 01.05.2022 по 30.05.2022 года (включительно) в Администрацию МО «сельсовет Араканский» по адресу РД. Унцукульский район с.Аракани. пл. А.Магомедова д.1

Способ подачи заявлений: заявления подаются или направляются заинтересованным лицом по выбору лично или посредством почтой связи на бумажном носителе, либо в форме электронных документов с использованием информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

Описание земельного участка: участок площадью 7452751 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000024:76, категория земель – земли сельскохозяйственного назначения, местоположение: Республика Дагестан , Унцукульский район, с.Аракани.

Арендная стоимость установленный ООО «Институтом профессиональной оценки» - 1) земельный участок площадью 7452751 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000024:76 – 721861(семьсот двадцать одна тысяча восемьсот шестьдесят один ) рублей в год.

Справки по телефону; 8(928) 984-17-16.

**Глава администрации**
**МО «сельсовет Араканский»**
**Джангишиев С. А.**

# Дунялалъе - рекъел

Нилъер кавабахъе щун
Пенкьелеб буго НАТО,
Гьелъ хIинкъи кьолеб буго
ГIагараб ВатIаналъе.
Россиялъ цебе лъураб
Масъала гьез тIубачIо,
ТIубан хIалуцун ана
Цоцадехун гьоркьоблъи.
Хирияб ВатIаналъе
ХIинкъи цIикIкIараб мехалъ
Хехаб хIукму къотIана
Нилъер президентас.
Халкъалдехунги вуссун
Гьес хитIабал гьаруна,
ГIорхъабазда бугеб хIал
Бицун цеве вахъана.
Украина квегъулеб
Бандеровцазул бицун,
Бугеб хIалалъе къимат
Кьуна нилъер тIалъиялъ.

ГIорхъи бахун кьалде ун
Эркенлъиялъе гIоло
Рагъулел руго жакъа
Россиялъул аскарал.
Кьалда къо хIехьаразе
Кьуна тIадегIанаб цIар,
Гьезда гьоркьов кенчIана
ХIажимухIамадовги.
Вижараб ракьги цIунун
БахIарчияб хвел босун,
ГIолохъанго ана дов
Гьайбатаб дунялги тун.
Гьесул нахъе хутIана
Бесдаллъарал лъималги,
ГIолохъанай лъадиги,
Хириял эбел-эмен.
Досул рагъулаб гьунар
КIоченаро халкъалда
ГIун бачIунеб гIелалъе
Мисаллъун хутIила гьев.

# Къо битIиялъе –гьари

Хвелги ахиратги кIочон таразе
ТIад вугес къотIаги къвакIараб хIукму,
Заназул рохьоре гочун унаго
Босизе кколеб жо кIочон тогеги!
Бахине кколеб доб СиратIалъул кьо
РакIалде щвечIезде иман къотIаги,
ГIарац бихьарабго Аллагь кIочонел
Хапугаби «маххул хIанчIаца аги»!
ХIиллаби ургъулел мощениказе
Михрал т1аде тIамун гарбал чIинтIаги!
Халкъ инжит гьабулел цIогьазул къукъа
КъотIаги рокъоса рухьун квералгун!
Ракълие нух къалел бандеровцазул
Къаркъалаби ракьул тIиналде ккаги,

ТIолго улкаялъе хIинкъаби кьолел
НАТОялъул кьалбал кьварун ракъвайги!
ХIапу-чапуралде дунял бачунеб
Бегуниса чIваги доб Америка,
Гьелъие хIелулел хIукуматазул
ХIарпица кванаги тIолго бечелъи.
Россияги какун хIапдолев вугев
Байденил ботIрода могоро байги,
Украиналъул нацист-клоун
Зеленскиясул гIумро къокълъаги!
Рекъел щулалъаги яшав лъикIлъаги,
Халкъ бохизабулеб заман бачIаги!

**ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ.**

# Мун мисаллъун хутIила

(Эхо Камалудинов ракIалде щвеялъе)

Аваразул мугIалим, гIаданлъиялъул тарих
Тарабищха дуцаги борцун кьураб гьаб сапар?
Гьоболлъиялъул кIалтIа, кIалъалелъул аратор
Ана абадиялъул рокъой ахIун Аллагьас.
Дур лъимал бесдаллъичIо, эмен ватIалъанилан
Бесдаллъана ниж цIетIен, иштIал, кулал ва инкIкIвел
Ансалги рохун гьечIо,чIункIби къваридго руго
КъунцIбийин абунани, цIакъго гIодор чIван руго.
Къварилъуге Сулейман, угьдуге бацI ВухIама
Эхо нужер эменгун дова дандчIван ватулин,
Дуца тарбия кьечIел, кьучIдасанго куцачIел
Кир ругел кIкIаламухътIа, рахъа тIаде, борхе квер.
Эхо Камалудиновас квер ккун дарсде рачинчIел
Кинидаго лъай кьечIел лъимал, унго ругодай?
Лъадарлъана гьел лъимал, чарлъана гьезул кьерал
Чангоял къадарги ккун къанабазукь руго гьел.

Дудаса гIисиназги, дурго гIел бащадазги
Инсул цIар абун гуреб, цIар ахIичIев мугIалим,
Мун цо-цоязе Эхо, цойгидазе кIудада
КIудияб хIурматалда Эхо Камалудинов.
Цо-цо мун вагъулаан мекъаб-тIекъабги бихьун
ТIекълъиялъул рахъ ккурал гIадамазда цким бахъун,
Цинги мун ахIдолаан хъурумсахъалин абун
Рихъаги чахъалилан чорокаб тайпайилан.
ГIемер бицун щибилеб, щивасда лъалаан мун
Лъана мун гIадан вукIин, гIадамазе хирияв,
Дуда Аллагь гурхIаги, алжаналде вачаги
Алжанги насиб гьабун Шамалайгун дандчIваги!
Йохъ гIаданлъи холаро, гьелъий хвел букIунаро
Хадур гIолел наслабаз, росабалъ бицина дур,
Хола чIагого инсан, чIухIун тIасан ккун хьвадун
ГIаданлъиялъул къилба, мун ракIазулъ хутIила!

**АхIмад КУСАЛАЕВ**
**ЦIатIанихъ росу.**

# Об изменениях в антикоррупционном законодательстве

30 декабря 2021 года вступил в силу Федеральный закон от 30.12.2021 № 471-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации».

Согласно документу, прокуроры при осуществлении контроля за расходами должностного лица, а также гражданина, ранее замещавшего соответствующую должность, расходами его супруги (супруга) и несовершеннолетних детей вправе направлять запросы в кредитные организации об имеющейся у них информации о доходах, расходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера данного лица, его супруги (супруга) и несовершеннолетних детей, а также об источниках получения расходуемых средств.

**А. М. Маликов**
**Прокурор района,**
**советник юстиции**

# Уважаемые жители, Унцукульского района!

Информируем Вас о том, что 14 апреля 2022 года объявлен набор на обучение по проекту «Цифровые профессии», который позволяет получить дополнительное IT-образование о скидкой 50% и 75% или бесплатно жителям всех регионов России старше 16 лет.

Проект нацелен на решение приоритетных задач государства в области подготовки кадров для цифровой экономики.

Уже доступно 25 курсов, которые проводятся ООО «Яндекс», «Нетология», Центр образовательных компетенций НТИ и другими компаниями и организациями с мировым именем.

В рамках проекта освоить новую специальность в сфере информационных технологий смогут более 50 тысяч человек.

Получить более подробную информацию о проекте можно на сайте https://profdigital.gosuslugi/ru/ и по номеру горячей линии проекта: 88005052035.

# Как происходит переселение граждан из непригодных для жизни домов?

1. Собственникам квартир выплачивается полное денежное возмещение стоимости жилья.
2. Собственникам квартир предоставляются равноценные жилые помещения, если это предусмотрено региональной программой.
3. По соглашению с гражданами им могут предоставляться жилые помещения, находящиеся в другом населенном пункте.
4. Нанимателям помещений в аварийном доме будет предложено переселение в новый дом также на условиях соцнайма в равнозначные помещения.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 12. 5. 2022 г.
16. 30
фактически -18. 20 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.